# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता

# यिर्मयाह, आशु वाला आदमी




लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Jonathan Hay

अनुवादकः सुरेश मसीह

अनुकूलित: Mary-Anne S.


कहानी 28 से 60


**www.M1914.org**

***Bible for Children,*** *PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada*



अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


Bhojpuri

यिर्मयाह यहूदा की राज्य में एगो धार्मिक घर में पैदा भइल रहलन। उनकर पिता, हिल्किय्याह, एगो पुजारी रहलन। उनकर परिवार अनातोत नामक एगो शहर में रहत रहल जेवन यरूशलेम से कुछ ही दूरी पर बा। शायद यिर्मयाह क माता पिता भी सोचत रहलें कि; उहो एगो पुजारी बन जइहन। लेकिन परमेश्वर की पास कुछ अउर ही योजना रहल।



1



यिर्मयाह की जनम की समय, परमेश्वर क लोग उनकरी वचन की अनुसार ना जीयत रहलन। लगभग हर तपदा में से हर केहु, राजा से लेकर नीचे सबसे विनम्र कार्यकर्ता तक; झूठ देवता सब क पूजा करत रहलें - ई हां तक कि परमेश्वर की अपनी पवित्र मंदिर में भी!

2


जब यिर्मयाह एगो जवान आदमी हो गइलन, परमेश्वर उन से बात कइलन। "हम तोहके, तोहरी जनम की पहिले से ही जानत हँइं" अउर तब से हम एगो ई योजना बनवले बानी की तू हमरी खातिर बात करअ।
3
परमेश्वर की बुलाहट से शायद यिर्मयाह के डर लागे लागल होई। "हे, प्रभु परमेश्वर!" उ बोलाके कहलन "हम त अभी एगो छोट लइका बानी; हम बात ना कर सकीं ला।" उ एगो लइका की तुलना में बड़ रहलन; - उ ओ समय बीस साल क रहलन। लेकिन यिर्मयाह के लागत रहे कि उ उनके चारों ओर की दुष्टता की खिलाफ परमेश्वर की खातिर लोगन के चेतावनी ना दे सकत रहलन।
4
"मत डरअ" परमेश्वर यिर्मयाह के आश्वासन दिहलन। जहाँ कहीं भी हम तोहके भेजअ तनी, तू उहाँ जा।
जेवन कुछ हम तोहके कहे की खातिर कहब तू कहिहअ।
5
हम तोहरी संगे बानी अउर तोहके कबो ना छोड़अब। तब परमेश्वर कुछ खास कइलन।
परमेश्वर यिर्मयाह की मुंह के छूवलन।
6
परमेश्वर यिर्मयाह के शक्ति अउर साहस अउर बुद्धि दीहलन। उ हियाव से लोगन के बतवलें कि परमेश्वर उन सब के प्यार करे लें अउर उनकर मदद करल चाहत बाने। लेकिन केहु भी उनकर बात ना सुनल। राजा भी ना सुनलें।
7
ईहाँ तक कि पुजारी लोग भी क्रोध कइलन अउर परमेश्वर की बारे में बात कइला से मना कइलन। झूठ भविष्यद्वक्ता लोग भी यिर्मयाह की बारे में बतवलें कि उ सच नईखन बोलत।
8


यिर्मयाह लोगन के याद दियवलन कि सौ साल पाहिले, इस्राएल क उत्तरी राज्य परमेश्वर के त्याग दिहले रहल। उनकर दुश्मन, अश्शूरी लोग ओ पर विजय प्राप्त कइलें अउर उन सब इस्राएलियन के दूर देश लेके चल गइलें।
9
अब यहूदा, दक्षिणी राज्य क लोग परमेश्वर के छोड़ देले बाड़न। दुश्मन सेना पहिले से ही कूच कर चुकल बा! का, परमेश्वर अपनी लोगन पर फिर से विजय प्राप्त करे अउर उनकी लोगन के गुलामी में जाये दिहला क अनुमति दिहन?
10
लोग अपनी मूर्ती पर भरोसा कइलन। का, मूर्ती उनके उनकी शत्रु लोग से रक्षा कर सकत बा? ना! खाली परमेश्वर ही उन सब के बचा सकत बाने। लोग यिर्मयाह पर एतना क्रोधित भइलन कि उनके मारे खातिर साजिश तक कर डललन। लेकिन परमेश्वर अपनी दास क रक्षा कइलन।
11
अंत में, परमेश्वर यिर्मयाह के कुछ अइसन चौंकावे वाली बात कहलें। परमेश्वर कहलन, "ई लोगन की खातिर प्रार्थना मत करअ; उ सब जब मदद की खातिर हमार गुहार लगइहें तब हम उन सबके ना सुनअब।"
12
यिर्मयाह राजा के चेतावनी दिहलन कि उ बाबुल की सेना की साथ लड़ाई में हार जइहन। राजा क्रोधित भइल अउर यिर्मयाह के जेल में डलवा दिहलन। ईहाँ तक की जेल में भी, यिर्मयाह परमेश्वर पर विश्वास अउर उपदेश जारी रखलन।
13
जेल से बाहर निकलला की बाद यिर्मयाह फिर से राजा अउर लोगन की खातिर प्रचार कइलन कि उ सब परमेश्वर की पास वापस आ जावें अउर उन पर बिश्वास करें। अबकी बार, राजा यिर्मयाह के एगो गहिरा गंदा तहखाना में डाल दिहलन।
14

लेकिन परमेश्वर राजा की दिल में काम करल जारी रहलन। उ चुपके से यिर्मयाह के बचवलन अउर पूछलन कि परमेश्वर का चाहत बाड़न कि राजा करें।



15

यिर्मयाह जबाब दिहलन, "तूं आत्मसमर्पण कर के गुलामी में चल जा, अउर परमेश्वर तोहसे कहत बाड़न कि तुम जीवित रहबअ"।



16

बेबीलोन क सेना पूरा यरूशलेम अउर यहूदा की सब कुछ पर विजय प्राप्त कइलस। उ सब दीवारन अउर सब घरन के नाश कर दिहलें, अउर सब कुछ जला दिहलें।



17

परमेश्वर कहलें की उनकरी लोगन के सत्तर साल खातिर गुलामी में जाये के पड़ी, अउर तब फिर हम उन सबके वादा की देश में वापस ले के आइब।



18

यिर्मयाह, आशु वाला आदमी

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से ई कहानी लीहल गइल बा

यिर्मयाह

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

**ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।**

**ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा यीशु के घरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।**

**यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी खातीर मर गइलन आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउआ हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।**

**हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !**